



Pou Piblikasyon Imedya: 06/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MTA ANONSE FAZ 2 METWO SECOND AVENUE AN AP AVANSE

Demann sibvansyon pou Faz 2 ekstansyon Metwo a pou rive 125th Street pase nan etap enjenyeri

Ekstansyon an pral gen twa nouvo estasyon Metwo, nan 106th St, 116th St ak 125th St, ak koneksyon ak Metro-North

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul ak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te anonse ekspansyon Metwo Second Avenue an ki ta pwolonje liy Second Avenue an rive nan 125th St nan East Harlem deja pase nan etap enjenyeri nan delè pwojè a. Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act) ke Prezidan Joe Biden te siyen an novanm lan te bay 23 milya dola nan nouvo opòtinite sibvansyon pou ekspansyon transpò piblik, yon nivo finansman istorik ki double kantite sibvansyon ki disponib pou gwo pwojè tankou Faz 2 Metwo Second Avenue (Phase 2 of the Second Avenue Subway, SAS2)

MTA te soumèt yon demann sibvansyon bay Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Etazini an pou Faz 2 ekspansyon avanse epi rete elijib pou finansman. Faz 2 an pral gen konstriksyon twa nouvo estasyon Metwo, nan 106th St, 116th St ak 125th St nan East Harlem. Administrasyon Transpò Federal (Federal Transit Administration) la te avanse SAS2 a nan faz Enjenyeri nan pwosesis sibvansyon an, sa ki mennen pwojè a nan yon etap pi pre reyalyte a epi pèmèt travay preliminè yo avanse.

"Byen bonè apremidi a, mwen te pale ak Sekretè Buttigieg ki te pataje yon nouvel eksitan ke Depatman Transpò Ameriken an ap fè yon gwo pa annavan nan Faz 2 ekspansyon Metwo Second Avenue an, ki pral debloke potansyèl enkwayab pou moun East Harlem nan elaji ekite transpò piblik ak opòtinite ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa a mennen nou nan dènye liy dwat la nan direksyon finansman konplè ak kòmansman konstriksyon pwojè ki ekstrèmman enpòtan sa a. Mwa pase a, mwen te vizite sit ekstansyon an ak lidèchip MTA ak ofisyèl eli yo pou nou wè pèsònèlman grandè pwojè eksitan sa a. Answit, nou te pran yon angajman klè anvè pèp East Harlem lan pou nou ta kontinye avanse pwojè sa a rapidman, epi kounye a nou wè premye eleman pou fè vizyon sa a vin yon reyalyte reyèl pou anpil Nouyòkè yo. Mwen

vle remèsye Sekretè Buttigieg, lidèchip Kongrè nou an, ak MTA a pou defans enfatigab yo pou pwojè sa a, e mwen pa ka tann pou m fè tren yo fonksyone."

Apeprè 70 pousan rezidan East Harlem yo itilize transpò piblik pou ale travay, sa ki pi wo pase mwayèn 55 pousan vil la. Ekspansyon Metwo Second Avenue an ta ede avanse objektif Administrasyon Biden lan ak Eta New York pou ekite transpò epi li ta amelyore aksè kominote lokal la ak travay, swen sante, ak lòt sèvis, pandan l ap diminye konjesyon alafwa nan lari yo ak nan liy metwo Lexington Avenue epi amelyore kalite lè a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, Janno Lieber, te deklare, "Kominote East Harlem la t ap tann Metwo Second Avenue depi plizyè deseni. Faz 2 pral sèvi yon zòn ki gen youn nan pi gwo konsantrasyon lojman abòdab nan peyi a kote 70 pousan rezidan yo konte sou transpò piblik pou yo ale travay. Nouvo ekstansyon liy lan pral bati sou siksè Faz 1 an epi li pral ogmante kantite pasaje total Metwo Second Avenue an a 300,000, ki ekivalan a tout sistèm tren Philadelphia a. Yon gwo mès a FTA paske li avanse pwojè a nan pwochen etap la. Ekipman mwen pare pou deplwaye."

Faz 1 pwojè a pwolonje liy Q a soti nan 63rd St rive nan 96th St epi se te pi gwo ekspansyon sistèm metwo Vil Nouyòk la nan 50 ane. Sèvis la te ouvri nan dat 1e janvyè 2017, ak estasyon adisyonèl nan 72nd St ak 86th St. Depi li te fini, Metwo Second Avenue an te pote plis pase 130 milyon pasaje epi li te pote plis pase 200,000 pasaje nan yon jou anvan pandemi an. Yon segman tinèl pral itilize pou Faz 2 a te konstwi nan ane 1970 yo soti 110th St rive 120th St otou Second Avenue.

Enfòmasyon Rapid ou Dwe Konnen yo

- Faz pwojè sa a pral pwolonje sèvis tren soti nan 96th St nan nò rive nan 125th St, apeprè 2 km.
- Pwal gen nouvo estasyon nan 106th St ak 116th St nan Second Ave ak 125th St nan Park Ave.
- Faz 2 pral bay koneksyon dirèk pou pasaje ak liy metwo Lexington Avenue (4/5/6) nan 125th St ak yon antre nan Park Ave pou pèmèt transfè pratik nan Estasyon Metro-North Railroad 125 St la.
- Chak estasyon pral gen batiman oksilyè an sifas tèren ki ebèje ekipman vantilasyon mekanik ak elektrik. Sa yo pral gen ladan espas pou komès an detay posib nan premye etaj la.
- Ekspansyon pral sèvi yon lòt 100,000 pasaje chak jou.
- Li pral bay twa nouvo estasyon ki aksesib ak ADA - ogmante ba pou konfò ak komodite kliyan an.
- Ogmantasyon koneksyon transpò piblik miltimodal nan estasyon 125th St - ak koneksyon ak tren 4/5/6, Metro-North ak Sèvis Otobis M60 Select nan Ayewopò LaGuardia, sa ki pèmèt transfè pratik nan direksyon lòt liy ray ak metwo, sa ki fasilite transpò ki pi fluid, pi rapid atravè vil la ak rejyon an.

Senatè Ameriken Chuck Schumer te deklare, "Pwojè Faz II Metwo Second Avenue an ap avanse nan enjenyeri pwojè a se yon bon nouvèl pou moun East Harlem yo ak tout Vil New York. Depi lontan yo te anvizaje li - men malerezman twò reta pase - pwojè a kounye ap avanse a tout vitès. Mwen te kontan garanti 23 milya dola istorik nan sibvansyon finansman pou pwojè kapital transpò piblik yo nan Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilateral la, epi mwen pral goumen pou asire pwojè enpòtan sa a jwenn yon pòsyon jis pa li."

Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand te deklare, "Envestisman federal sa a ta fè yon diferans reyèl nan lavi rezidan East Harlem yo, e mwen trè kontan paske Faz 2 pwojè Metwo Second Avenue an deja ap avanse nan pwosesis sibvansyon an. Agrandisman liy Metwo Second Avenue an ta fasilite tan vwayaj yo, diminye anbouteyaj, kreye djòb lokal, epi konekte kominote a san pwoblèm ak rès vil la. Mwen fyè dèske m te travay pou m pase Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a ki te bay finansman pou rann pwojè sa yo posib epi m ap kontinye goumen pou resous pou moun k ap vwayaje nan New York yo."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare", Sa se yon nouvèl vwayajè Metwo Vil New York yo. Ekstansyon liy metwo 2nd Avenue an rive nan 125th Street nan East Harlem pral sèvi kominote ki tèlman bezwen sèvis metwo elaji epi li pral soulaje foul moun ak anbouteyaj sou liy Lexington Ave an. Mwen kontan dèske pwojè sa a ap vance e mwen espesyalman fyè dèske m te sipòte Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a ki te rann faz ekstansyon sa a posib. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li sou pwojè sa a epi mwen espere kontinye travay avèk li pou amelyore enfrastrikti Vil Nouyòk la."

Reprezantan Carolyn Maloney te deklare, "Mwen kontan dèske Sekretè Buttigieg ak FTA ap bay priyorize ekspansyon Metwo 2nd Avenue an lè yo mete pwojè a nan faz enjenyeri epi mennen li nan yon etap ki pi pre apwobasyon finansman federal la. Pote Tren Q a nan 125th Street pral yon eleman ki chanje jwèt la pou Vil nou an pandan n ap rebati apre kriz COVID-19 la, epi li pral ede diminye dezè transpò piblik yo lè li konekte East Harlem ak sant vil la, zòn sid Manhattan, ak Brooklyn. Li pral redwi liy Lexington Avenue ki gen twòp moun epi ki danjere a pandan l ap angaje tou pou respekte pwomès Vil la ki gen yon syèk pou pèp nou an pou kreye yon lòt liy bò lès la. Mwen te fyè dèske m te dirije batay pou konstwi Faz 1 a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul, Sekretè Buttigieg, Manm Kongrè Espaillat, ak Direktè Jeneral MTA ak Prezidan Enterimè Janno Lieber pou patenarya kontinyèl yo nan konplete pwojè enpòtan sa a."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Pandan Vil Nouyòk ap kontinye rekonstwi pandan n ap travay nan direksyon pou rekiperasyon ekonomik ak abòde inegalite kominote koulè yo ap fè fas a ki te vin pi grav pandan pandemi an, envesti nan amelyorasyon ekite transpò piblik la enpòtan anpil epi anons jodi a pou kòmanse ekstansyon Metwo Second Avenue an pral gen yon efè retantisan nan tout Eta New York ak patikilyèman nan Vil New York. Ekspansyon sèvis yo ak siksè ak transpò fyab nan rejyon sa a pral sipòte mwayen sibzistans plis pase 100,000 rezidan East Harlem

ki kounye a ap fè fas ak baryè nan opòtinite travay, avansman edikatif, ak aksè ak lopital ak swen medikal akòz mank transpò piblik - epi li finalman pral refòme tisi katye nou yo alavni."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)